

Tibebe Ou nan 9 Mwa



Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan tibebe ou rive nan fen 9 mwa yo. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere answit.

Sa Pifò Tibebe Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- Tibebe a ka pè etranje
- Li ka kole sou adilt li abitye avèk yo
- Li gen jwèt li pi renmen

Langaj/Kominikasyon

- Li konprann “non”
- Li fè anpil son diferan tankou “mamamama” ak “bababababa”
- Li imite son ak jès lòt moun
- Li itilize dwèt li pou montre bagay yo

Koyitif (aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- Li siveye trajektwa yon bagay pandan l ap tonbe
- Li chèche bagay li wè ou kache
- Li jwe jwèt fenèt kach-kach
- Li mete bagay nan bouch li
- Li deplase bagay dousman ant yon men ak lòt men an
- Li pran bagay tankou o sereyal ant dwèt pous li ak dwèt endèks li

Mouvman/Devlopman Fizik

- Tibebe a kanpe, li rete debou
- Li kapab pran pozisyon chita
- Li chita san sipò
- Li leve pou kanpe
- Li rale

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- Pa pran apui sou janm li avèk sipò
- Pa chita avèk èd
- Pa woukoule (“mama”, “baba”, “dada”)
- Pa jwe nenpòt jwèt ki gen pou wè ak jwe tanzantan
- Pa reponn nan non pa li
- Pa sanble rekonèt moun li abitye avèk yo
- Pa gade kote ou lonje dwèt ou
- Pa transfere jwèt yo ant yon men ak lòt men an

Si ou remake nenpòt nan siy reta devlopmanal posib, fè doktè oswa enfimiyè pitit ou konnen sa, epi rele 311 pou mande Entèvansyon Bonè.

Akademi Pedyatrik Ameriken (American Academy of Pediatrics) rekòmande pou doktè egzamine timoun yo pou devlopman jeneral nan vizit yo lè yo gen laj 9 mwa. Poze doktè pitit ou kesyon sou egzamen devlopmanal pitit ou.

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.